**THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE / MINISTÈ EDIKASYON AK GAD BONÈ**
**SUBSIDIZED CHILD CARE / GAD TIMOUN SIBVANSYONE**

# VERIFICATION OF DISABILITY/SPECIAL NEED OF PARENT / VERIFIKASYON ANDIKAP/BEZWEN SPESYAL PARAN AN

Ministè Edikasyon ak Gad Bonè a (*Department of Early Education and Care*) (EEC) se Ajans Dirijan nan Eta a ki responsab pou administre Fon Devlòpman Gad Timoun nan (*Child Care Development Fund*) (CCDF), ki se yon sibvansyon blòk federal ki bay asistans finansye pou fanmi fèb revni ki travay k ap chache edikasyon bonè de bon kalite ak pwogram an deyò lè lekòl nan Massachusetts.[1] **Asistans finanse pou gad timoun ki founi pa CCDF se pa yon dwa**.[2] **Gad timoun ki finanse pa CCDF p ap otorize pou objektif founi swen relèv** (e.g. bay yon paran yon pòz nan devwa paran li).[3]

Asistans Finansye pou gad timoun mwen an kapab founi bay fanmi nan Massachusetts ki satisfè kritè EEC tou elijibilite selon revni epi ki konfime y ap patisipe nan yon aktivite sèvis ki apwouve tankou travay, edikasyon, ak/oswa fòmasyon. Sou yon baz ka pa ka, asistans finansye pou pwogram edikasyon ak gad bonè programs kapab disponib pou yon timoun ki gen Pran ki genyen yon andikap/bezwen spesyal dokimante poutèt timoun nan ap resevwa oswa sou risk resevwa sèvis pwotektif baze sou lefèt ke Paran an: (1) **pa kapab** travay oswa **pa kapab** patisipe nan pwogram edikatif ak/oswa fòmasyon; epi (2) pa kapab founi yon anviwònman sekiritè pou pitit li (yo) poutèt andikap/bezwen spesyal li. Nou kapab pran konsiderasyon tou pou yon Paran k ap founi gad tan plen pou yo timoun ki genyen yon andikap/bezwen spesyal, epi konsa bezwen gad pou lòt pitit li (yo); nan sikonstans konsa, Paran an dwe mande yon divèjans, konfòmeman avèk politik EEC.

Objektif fòmilè verifikasyon sa a triple (1) verifye egzistans andikap/bezwen spesyal Paran an; (2) eksplike kijan andikap/bezwen spesyal la anpeche Paran an travay oswa patisipe nan yon lòt aktivite ki apwouve pa EEC; epi (3) eksplike kijan andikap/bezwen spesyal la afekte kapasite Paran an pou li founi yon anviwònman sekiritè pou gad pitit li (yo), epi nou pran an konsiderasyon laj ak bezwen timoun nan (yo). **Tanpri remake:** Paran ki genyen yon andikap/bezwen spesyal mantal oswa fizik ki dokimante gen dwa pa otorize pou plis pase **de lane** gad timoun. Fòk elijibilite selon andikap/bezwen spesyal paran apre de lane apwouve pa EEC alekri.

## SEKSYON I: VERIFIKASYON ANDIKAP/BEZWEN SPESYALS

**(se pou pwofesyonèl la ranpli sa a)**

Endividi ki idantifye anba a te deklare li **pa kapab** patisipe nan yon aktivite ki bezwen sèvis ki apwouve pa EEC tankou travay, lekòl oswa fòmasyon poutèt andikap/bezwen spesyal li. Li te mande EEC founi asistans finansye pou anwole pitit li (yo) nan yon pwogram edikasyon ak gad bonè paske li pa kapab travay epi li pa kapab founi yon anviwònman sekiritè pou gad pitit li (yo). Tanpri ranpli enfòmasyon anba yo pou ede nou detèmine kijan nou te ka pi byen satisfè bezwen fanmi sa a.

**Kiyès ki kapab ranpli fòmilè sa a:**

- Si andikap/bezwen spesyal la sòti nan yon pwoblèm sante fizik, fòk yon Doktè, Asistan Doktè, oswa Enfimyè Pratikan ranpli fòmilè sa a.
- Si andikap/bezwen spesyal la sòti nan yon pwoblèm sante emosyonèl oswa mantal, yon (1) Sikyat, (2) Psikològ nan nivo doktora, oswa (Enfimyè Sikyatrik ki gen lisans aktyèlman kapab ranpli fòmilè sa a.

---

[1] Gade G.L. c. 15D, § 2.
[2] Gade 42 U.S.C. 9858(d)(a).
[3] Gade 45 CFR 98.20.

**THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE / MINISTÈ EDIKASYON AK GAD BONÈ**
**SUBSIDIZED CHILD CARE / GAD TIMOUN SIBVANSYONE**

# VERIFICATION OF DISABILITY/SPECIAL NEED OF PARENT / VERIFIKASYON ANDIKAP/BEZWEN SPESYAL PARAN AN

1. Wòl pwofesyonèl ou (*koche youn – se sèlman pwofesyonèl nan wòl anba yo ki kapab ranpli fòmilè verifikasyon sa a*):

   ☐ Doktè ☐ Sikyat ☐ Psikològ

   ☐ Enfimyè Pratikan ☐ Enfimyè Sikyatrik ☐ Asistan Doktè

2. Non Paran an: ________________________________ Dat Nesans ______________

3. Non konplè timoun nan (yo), avèk dat nesans li (yo):
   ____________________________________________________________________________________
   ____________________________________________________________________________________
   ____________________________________________________________________________________
   ____________________________________________________________________________________

4. Nati bezwen spesyal/andikap **PARAN** an *(koche tout sa ki aplikab)*:

   ☐ Andikap/bezwen spesyal fizik;
   ☐ Andikap/bezwen spesyal sante mantal; oswa
   ☐ Lòt andikap/bezwen spesyal.

5. Konbyen tan w t ap trete endividi sa a? __________________________________

6. Chak kilè w wè endividi sa a:

   ☐ chak jou ☐ chak semèn ☐ chak mwa ☐ lòt (spesifye frekans)________________

7. Kòman andikap/bezwen spesyal la afekte kapasite li pou li okipe timoun nan (yo) ki bezwen aksè nan yon pwogram edikasyon ak gad bonè? {Koche tout sa ki aplikab}

   ☐ Paran an nan trètman pandan lajounen: _______ jou/semèn ak _______ è/jou;

   ☐ Bezwen spesyal/andikap paran an anpeche pwovizyon yon anviwònman sekiritè pandan lajounen; oswa

   ☐ Lòt ______________________________________________________________________

8. Tanpri konstate dat apwoksime andikap/bezwen spesyal la te kòmanse: _________________ EPI endike dire posib la pou kondisyon an:

   ☐Pèmanan ☐Omwens 1 lane, men pa pèmanan ☐ 6 mwa a 1 lane ☐ 6 mwa oswa mwens

9. Dokimantasyon Obligatwa pou kole ak fòmilè verifikasyon sa a:

    ☐ Yon lèt sou antèt ofisyèl pwofesyonèl sanitè k ap ranpli fòmilè sa ki bay enfòmasyon spesifik sou andikap/bezwen spesyal la. Fòk lèt sa a enkli yon repons pou TOUT bagay sa yo:

    - idantifikasyon andikap/bezwen spesyal pasyan w;
    - eksplikasyon sou kijan kondisyon an anpeche pasyan w travay oswa patisipe nan pwogram edikasyon oswa fòmatif;
    - eksplikasyon sou kijan andikap/bezwen spesyal pasyan w afekte kapasite li pou li founi yon **anviwònman sekiritè** pou gad pitit li (yo) pandan nenpòt pòsyon nan jounen an, epi pran an konsiderasyon laj ak bezwen timoun nan (yo), epi idantifye kiyès k ap okipe timoun nan pandan rès jounen an lè timoun nan pa nan gad sibvansyone.
    - Kantite tan gad timoun nesesè pou akomode andikap/bezwen spesyal la ak/oswa pou founi yon anviwònman sekiritè pou pitit li yo, ki enkli kantite jou pa semèn ak è pa jou sèvis edikasyon ak gad bonè yo nesesè.

Siyati pwofesyonèl la: _____________________________________________ Dat: ________________

**Tanpri enprime**

Non: _______________________________________________________ Tit: ______________________

Adrès: _____________________________________________________ Telefòn: _____________________

Nimewo lisans: ____________________________

*Fòk ou ranpli fòmilè sa a konplètman. Tanpri remake yon reprezantan EEC kapab kontakte w pou verifye enfòmasyon sa yo. EEC rezève dwa pou refize oswa rejte yon deklarasyon andikap/bezwen spesyal si fòmilè verifikasyon an ak/oswa pyès jwent obligatwa li yo enkonplè oswa si nou detèmine yo inadekwa. Si w ta gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte Inite Asistans Finansye EEC a (Financial Assistance Unit) nan 617-988-6600.*

---

## SEKSYON II: DISTRIBISYON DOSYE MEDIKAL (se pou paran/Gadyen an ranpli sa a)

**M ap mande asistans finansye** pou gad timoun baze sou andikap/bezwen spesyal mwen. Mwen otorize pwofesyonèl ki idantifye nan Seksyon I pou li distribye enfòmasyon yo mande sou fòmilè sa a epi tou mwen otorize pwofesyonèl la pou li pataje dosye medikal oswa lòt enfòmasyon sou andikap ak/oswa bezwen spesyal mwen ki nan Seksyon I avèk EEC pou detèmine elijibilite pou asistans finansye pou gad timoun. An plis mwen otorize EEC pou yo kontakte pwofesyonèl ki idantifye nan Seksyon I pou verifye enfòmasyon ki founi sou fòmilè sa a epi diskite dyagnostik li de andikap ak/oswa bezwen spesyal mwen **jan li aplikab pou bezwen pou sèvis edikasyon ak gad bonè.**

**THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE / MINISTÈ EDIKASYON AK GAD BONÈ**
**SUBSIDIZED CHILD CARE / GAD TIMOUN SIBVANSYONE**

# VERIFICATION OF DISABILITY/SPECIAL NEED OF PARENT / VERIFIKASYON ANDIKAP/BEZWEN SPESYAL PARAN AN

Fòmilè sa a otorize pwofesyonèl la pou li distribye pi fò enfòmasyon medikal oswa sanitè avèk eksepsyon sa a (yo). Pwofesyonèl ki idantifye nan Seksyon I pa kapab divilge enfòmasyon medikal oswa sanitè swivi yo, sòf si mwen otorizasyon divilgasyon konsa. Tanpri koche kare sou kote chak atik anba si w otorize spesifikman pwofesyonèl la pou li pataje enfòmasyon ki ladan li.

- ☐ Mwen otorize pwofesyonèl ki idantifye nan Seksyon I pou li pataje enfòmasyon sou estati SIDA/VIH.
- ☐ Mwen otorize pwofesyonèl ki idantifye nan Seksyon I pou li pataje enfòmasyon sou abi dwòg oswa alkòl.
- ☐ Mwen otorize pwofesyonèl ki idantifye nan Seksyon I pou li pataje enfòmasyon sou maladi psikolojik/sikyatrik.

Mwen konprann ke fòmilè konsantman pou distribisyon dosye medikal sa a valab pandan youn lane depi dat mwen te siyen anba a, sòf si mwen te anile otorizasyon sa a alekri avan ekspirasyon li.

Mwen konprann mwen kapab anile konsantman pou distribisyon dosye medikal sa a nan nenpòt ki moman depi mwen voye yon lèt bay pwofesyonèl ki idantifye nan Seksyon I an.

Mwen konprann tou ke, menm si mwen anile konsantman sa a, pwofesyonèl la pa kapab pran bak enfòmasyon li te pataje avèk EEC lè li te gen otorizasyon pou li fè sa.

An plis, mwen konprann desizyon mwen pou mwen otorize pwofesyonèl ki idantifye nan Seksyon I pou li pataje enfòmasyon medikal avèk EEC volontè. Sepandan, mwen konprann si mwen pa otorize pwofesyonèl la pou li pataje enfòmasyon medikal avèk EEC, yo pa kapab fè yon detèminasyon konsènan andikap ak/oswa bezwen spesyal mwen epi yo pral deside elijibilite pitit mwen pou asistans finansye pou gad timoun san konsiderasyon de andikap/bezwen spesyal mwen. Mwen konprann EEC kapab refize oswa rejte deklarasyon mwen de andikap/bezwen spesyal si fòmilè verifikasyon an ak/oswa pyès jwent obligatwa li yo enkonplè oswa si yo detèmine yo inadekwa.

Siyati Paran an: ________________________________________________ Dat: ________________

**Tanpri enprime**

Non Paran an: ______________________________ Non & laj timoun nan (yo): _______________________

Adrès: ____________________________________________________ Telefòn: _____________________________

Dezyèm Paran an____________________________________________________________________________

Adrès (si diferan ak pi wo a) ____________________________________ Telefòn: _________________________

**FÒK OU REMÈT FÒMILÈ SA A BAY EEC. EPI TOU NOU KONSEYE POU PWOFESYONÈL MEDIKAL LA AK PARAN AK KENBE YON KOPI FÒMILÈ SA A POU PWÒP DOSYE PA LIU YO.**



*Dat An Vigè: 1e Mas 2019*